



Ki jan pou ou Chanje oswa Dezaktive Plan Swen Jere (Managed Care) Medicaid ou a

Tout moun ki enskri nan Medicaid gen dwa pou yo chwazi yon plan swen jere ki pi bon pou yo.

Kilè y ap siyen m nan yon plan swen jere?

Depi premye fevriye 2025, tout moun ki nan Medicaid Florid, eksepte yon ti gwoup, se Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Agency for Health Care Administration - AHCA) k ap siyen yo otomatikman nan yon plan swen jere.

Sa pou m fè si m vle chanje plan swen jere m nan?

Yon fwa yo fin siyen ou, ou gen 120 jou pou chwazi yon lòt plan si ou pa renmen sa yo te ba ou a. Ou kapab chwazi yon nouvo plan lè ou kontakte "[AHCA Choice Counseling](#)" (Konsèy pou Chwa AHCA) oswa lè ou chwazi plan an sou [pòtay anliy Choice Counseling la](#).

Si ou vle chanje plan ou, ou ta dwe premye konfime avèk Choice Counseling si founisè swen (doktè) ou genyen kounye a nan rezo nouvo plan an.

Sa pou m fè si dat limit pou chanje plan an fin pase?

Aprè 120 jou, pou ou chanje plan, ou dwe bay yon rezon "valab" (good cause) pou chanjman an. Rezon valab yo anba a epi ou ka jwenn yo tou nan règleman "Final" la nan [lyen sa a](#).

Yon *zetwal* bò kote yon rezon vle di ou dwe depoze yon plent (grievance) nan plan ou an anvan ou ka chanje—eksepte si moun ki enskri a nan yon risk imedyà pou sante li domaje nèt ale. Ou ka jwenn yon espikasyon sou jan pou ou depoze yon plent nan Liv Mamb (Member Handbook) plan ou an ki disponib anliy.

- Plan an pa kouvri sèvis w ap chèche a pou moun ki enskri a poutèt objeksyon moral oswa relijye.
- Founisè rezidansyèl oswa enstitisyonèl moun ki enskri a chanje soti nan "nan rezo" (in-network) pou ale "andeyò rezo" (out-of-network) nan plan an, sa ki lakòz ou bezwen chanje founisè.
- Enskripsyon an fèt pa mwayen fwod.
- Moun ki enskri a bezwen sèvis ki gen rapò pou yo fèt anmenmtan, men se pa tout sèvis sa yo ki disponib nan rezo plan an, epi founisè swen prensipal moun nan oswa yon lòt founisè detèmine ke si moun nan resevwa sèvis yo separe, sa ka mete li nan yon risk ki pa nesèsè.*
- Kalite swen ki pa bon.*

- Mank aksè ak sèvis ki kouvri anba kontra plan an avèk AHCA, san wete mank aksè ak sèvis espesyalize ki nesèsè sou plan medikal.*
- Gen yon mank aksè ak founisè nan plan an ki gen eksperyans nan jere bezwen swen sante moun ki enskri a.*
- Moun ki enskri a sibi yon reta ki pa rezonab oswa yo refize ba li sèvis. Yo ka konsidere yon reta sèvis kòm yon reta ki pa rezonab lè li depase nòm tan datant ki nan kontra a (gade nòm 60 jou pou yon espesyalis anba a). Yon refi sèvis ta pa rezonab si, pa egzanp, yon sèvis yo te otorize anvan kòm yon nesèsite medikal vin refize san yo pa fè yon nouvo evalyasyon.

Remak: Si ou vle chanje pou antre nan yon plan espesyalize, tankou CMS, ou ka fè chanjman sa a nenpòt kilè depi moun ki enskri a ranpli kondisyon kalifikasyon pou plan espesyalize sa a.

Gen kèk moun ki enskri ki gen dwa pou yo "dezaktive" (opt out) swen jere.

Kilès ki dwe patisipe nan swen jere?

Pifò moun ki enskri nan Medicaid Florid dwe patisipe nan swen jere, men se pa yo tout.

Moun ki otorize pou dezaktive swen jere yo rekonèt kòm gwoup "volontè" epi yo gen ladan yo:

- Moun ki enskri nan dispans iBudget la
- Moun ki sou lis tann iBudget la
- Moun ki gen Medicaid kòm yon dezyèm asirans sante (eksepte Medicare)
- Moun k ap viv nan yon gwoup pou moun ki gen andikap entelektyèl oswa devlopman (I/DD)
- Moun ki resevwa Swen Pedyatrik Pwolonje Preskri (PPEC)

Si m pa oblije patisipe nan swen jere, ki jan pou m dezaktive l?

Depi premye fevriye 2025, moun yo, san wete sa ki nan yon gwoup "volontè", ap enskri otomatikman nan yon plan swen jere.

Pou dezaktive swen jere paske ou nan yon gwoup "volontè", kontakte [Choice Counseling AHCA](#) oswa konekte sou [pòtay anliy lan](#).

Si plan ou an ak AHCA refize ba ou chans pou dezaktive l, ou ka mande yon apèl nan Inite Odisyon Medicaid (Medicaid Hearing Unit) nan Agency for Health Care Administration (AHCA). Pou gidans sou pwosesis apèl la, gade depliyman nou an ki rele: [Ki jan pou ou fè yon Apèl pou Swen Jere Medicaid \(How to File A Medicaid Managed Care Appeal\)](#).